


### BAB III

## MÉTODE PANALUNGTIKAN

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif analisis. Métode déskriptif analisis dina ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun tur nganalisis ngeunaan struktur jeung étnopédagogi tina antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem.

### 3.1. Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa rarancang pikeun ngalaksanakeun hiji panalungtikan ti mimiti nepi ka proses ngolah datana. Sasaran dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaguar sarta ngadéskripsikeun struktur jeung ajén étnopédagogi dina antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem. Désain tina ieu panalungtikan diébréhkeun saperti di handap.



**Bagan 3.2** Désain Panalungtikan

## 3.2. Data jeung Sumber Data


### 3.2.1. Data

Data mangrupa sakabéh fakta anu bisa dijadikeun bahan pikeun nyieun hiji informasi (Tarjo, 2019, kc. 92). Data ieu panalungtikan nyaéta struktur jeung ajén étnopédagogi anu aya dina sapuluh judul carpon tina buku antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem. Sapuluh carpon éta dipilih dumasar kana fungsi sastra nurutkeun Isnendes (2010, kc. 14) nyaéta sastra salaku pakakas komunikasi, pakakas nuluykeun tradisi jeung revitalisasi budaya, pangwangun ajén kamanusaan (*humaniora*), sarta panglipur haté.

### 3.2.2. Sumber Data


Sumber data nyaéta subjék tina data anu dicangking ku sawatara cara saperti observasi, wawancara, jsb (Anggara, 2015, kc. 90). Sumber data nu utama dina ieu panalungtikan nyaéta buku antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem. Salian ti éta, aya sumber data séjénna pikeun ngeuyeuban ieu panalungtikan nyaéta buku, jurnal, artikel, jeung panalungtikan saacanna ngeunaan struktur jeung ajén étnopédagogi.

#### 3.2.2.1. Idéntitas Buku



**Gambar 3.1**

Jilid hareup antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem



**Gambar 3.2**

Jilid tukang antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem

- Judul : *Surat Penting Pustakawati* Lima Puluh Carpon Patrem
- Pangarang : Aam Amilia, Ai Rohmawati, Ai Wawang, Aini Mardiyah, Anggie Novia Déwi, Anita Rohani, Ati Amati, Chyé Rétty Isnéndés, Cicih Kurniasih, Cucu Unisah, Dédé Rostiana, Dénia Sonata, Dian Wulan, ÉD Jénura. Én Hénri Sinaga, Ésti Setia Déwi, Évi Sulastri, Firda Aulia, Fitria Puji Lestari, Hana Rohana Suwanda, Hayati Mayang Arum, Héna Sumarni, Imas Rohilah, Indah Éka Lestari, Lély Mulyawati, Méli Nurul Maliah, Mimin Wiati, Nanéng Daningsih, Néna Cunara, Nina Rahayu Nadéa, Nita Widiati Éfsa, Nunung Munawaoh, Nunung Saadah, Nyi Roro, Pipiet Senja, Rin Riani, Risnawati, Ruhaliah, Santie Senja, Sénnny Suzanna Alwasilah, Tétti Hodijah, TéTTY S. Nataprawira, Tika Yuanita, Tike Lisnawati, Tiktik Rusyani, Titin Suryani, Tyas Nastiti Putri, Yéyét Hérayati, Yooke Tjuparmah, jeung Zanéta Kurotuaéni.
- Éditor : Chyé RéTTY Isnéndés
- Pamedal : PT. Dunia Pustaka Jaya
- Taun Medal : 2020
- Citakan : ka-1
- Kandelna : 431 Kaca

Ieu buku miboga 50 judul carpon anu ditulis ku para sastrawati Sunda. Dina ieu panalungtikan nu dianalisis sapuluh carpon tina buku antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem saperti di handap.

1. “Koruptor Élit” karya Ai Wawang.
2. “Dina Parahu” karya Anita Rohani.
3. ”Muruy” karya Chyé RéTTY Isnéndés.
4. “Héhérang Panon” karya Cucu Unisah.

5. “Limus Juragan Karta” karya Ésti Setia Déwi.
6. “Payung Pulas Héjo Lukut” karya Évi Sulastri.
7. “Kembang Hariang” karya Hana Rohana Suwanda.
8. “Kurabu Batuna Bungur” karya Héna Sumarni.
9. “Bonéka” karya Indah Éka Lestari.
10. “Purnama” karya Méli Nurul Maliah.

### 3.3. Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan aya dua nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

#### 3.3.1. Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah munggaran dina ieu panalungtikan. Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta talaah pustaka jeung analisis eusi. Studi pustaka atawa talaah pustaka nyaéta ngawatesan kagiatan di lapangan jeung leuwih fokus kagiatanana kana sakabéh bahan koléksi buku di pabukon ku cara maca, niténan, tur nalaah sumber data nu aya patalina jeung objék nu rék ditalungtik (Hardani spk, 2020, kc. 97). Analisis eusi nyaéta kagiatan panalungtikan nu dina prakna dilakukeun sacara sistematis kana catetan atawa dokumen salaku sumber datana (Hardani, spk, 2020, kc. 72).

Léngkah-léngkah pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ku cara téhnik talaah pustaka jeung analisis eusi nu aya di handap.

- 1) Maca buku, jurnal, artikel, anu aya pakaitna jeung strukturalisme sarta ajén étnopédagogi.
- 2) Nangtukeun sumber data nyaéta antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem.
- 3) Maca sakabéh carpon nu aya dina antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem.
- 4) Nangtukeun jeung maca deui sapuluh carpon anu bakal dianalisis.
- 5) Maluruh struktur nyaéta téma, fakta carita (tokoh, galur, latar, jeung struktur), sarta sarana carita (judul, jeung puseur sawangan ) dina sapuluh

carpon nu geus dipilih tina buku antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem.

- 6) Maluruh ajén étnopédagogi tina sapuluh carpon nu geus dipilih saacanna dina buku antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem.

### 3.3.2. Téhnik Ngolah Data

Dina panalungtikan ieu, objék nu ditalungtik nyaéta antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem. Sabada data dikumpulkeun, satuluyna nyaéta ngolah data saperti di handap.

- 1) Maca sacara gemet sapuluh carpon nu geus dipilih dina antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem.
- 2) Méré tanda dina sawatara tulisan nu miboga unsur struktural jeung ajén étnopédagogi dina sapuluh carpon nu geus dipilih tina antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem.
- 3) Méré kodeu jeung nyalin sakabéh data nu geus kapanggih kana tabel data.
- 4) Ngadéskripsikeun, nafsirkeun, jeung nyindekkeun hasil analisis struktural jeung ajén étnopédagogi dina antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem.

### 3.4. Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Insight dina Kurniawan (2021, kc. 1) instrumén panalungtikan mangrupa alat anu digunakeun ku panalungtik pikeun meunangkeun, ngukur, sarta nganalisis data tina subjék atawa topik masalah nu ditalungtik. Instrumén dina ieu panalungtikan dibagi jadi dua nyaéta instrumén ngumpulkeun data jeung ngolah data.

### 3.4.1. Instrumén Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun instrumén ngumpulkeun data dina wangun tabél atawa tabulasi data saperti ieu di handap.

**Tabél 3.3**  
Struktur (Téma)

No	Téma	Cutatan Carita	Kode Data

**Tabél 3.4**  
Struktur (Tokoh)

No	Ngaran Tokoh	Watek	Cutata Carita	Kode Data

**Tabél 3.5**  
Struktur (Latar)

No	Latar	Cutatan Carita	Kode Data

**Tabél 3.6**  
Struktur (Galur)

No	Galur	Cutatan Carita	Kode Data
1.	<i>Eksposisi</i>		
2.	<i>Generating circumstances</i>		
3.	<i>Rising action</i>		
4.	<i>Climax</i>		
5.	<i>Denouement</i>		

**Tabél 3.7**  
Ajén Étnopédagogi

No	Ajén Étnopédagogi	Cutatan Carita	Kode Data

### 3.4.2. Instrumén Ngolah Data

Instrumén nu digunakeun dina ngolah data nyaéta kartu data. Kartu data mangrupa instrumén anu dipaké pikeun ngébréhkeun sakabéh data dina wangun cutatan-cutatan carita nu kapaluruh dina antologi carpon *Surat Penting Pustakawati* karya Patrem.

#### 1) Kartu Analisis Struktur Carita

Gambar 3.1

Kartu Data Téma

<b>Kartu Data Téma</b>	
Kode Data :	
Téma :	
Cutatan :	
Analisis :	

Gambar 3.2

Kartu Data Fakta Carita (Galur, Tokoh, jeung Latar)

<b>Kartu Data Fakta Carita</b>	
Kode Data :	
Fakta Carita :	
Cutatan :	
Analisis :	

Gambar 3.3

Kartu Data Sarana Carita (Judul, Puseur Sawangan)

<b>Kartu Data Sarana Carita</b>	
Kode Data :	
Sarana Carita :	
Cutatan :	
Analisis :	

## 2) Kartu Data Analisis Ajén Étnopédagogi

Gambar 3.4

Kartu Data Analisis Ajén Étnopédagogi

<b>Kartu Data Ajén Étnopédagogi</b>	
Kode Data	:
Ajén Étnopédagogi	:
Cutatan	:
Analisis	: